

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Ahir taun 2019 di sababaraha wilayah Jawa Barat ngalaman usum halodo panjang sarta kakurangan cai beresih. Ieu hal diperkuat ku pernyataan ti Data Badan Penanggulangan Bencana Daerah (BPBD), 17 Oktober 2019 nu nyatet 241.912 *kepala keluarga* ngalaman kakurangan cai beresih. Lian ti éta, 20.621, 57 Ha lahan kahalodoan (sumber: <https://jabar.idntimes.com/>). Ieu hal dilantarankeun ku parobahan iklim sarta tumuwuhna masarakat nu beuki padet ogé milu mangaruhan, antukna loba nu ngutamakeun ekonomi ku cara ngaeksploitasi alam sacara kaleuleuwihi (Habibi, Ahmad, 2012). Pikeun ngarobah éta hal, kudu aya parobahan dina diri manusa sorangan sangkan harmonis antara alam jeung pangwanganan. Usaha nyata pikeun ngahontal éta karep téh, di antarana ngaliwatan sastra, lantaran sastra miboga kakuatan pikeun ngungkabkeun sagala hal nu aya patalina jeung kahirupan manusa sarta dinamikana sarta miboga struktur nu koheren jeung *terpadu* ngeunaan lingkungan sosial, alam sarta jamanna.

Karya sastra minangka produk budaya, lantaran raket pisan patalina jeung fenomena-fenomena ngeunaan kahirupan manusa. Hiji karya sastra pasti aya patalina jeung lingkungan lantaran masih aya dina hiji *ekosistem* nu sarua. Ku kituna, antara karya sastra jeung lingkungan téh bisa silih pangaruhan (Éndraswara, 2016, kc.2). Patalina antara alam jeung karya sastra, di antarana alam téh sok dijadikeun objek ku pangarang minangka tema dina ngareka karya sastra. Pamilihan diksi-diksi siga angin, tatangkalan, daun, cai jeung kecap-kecap séjéenna ngabuktikeyun yén alam dimangpaatkeun ku pangarang atawa sastrawan pikeun ngagambarkeun latar atawa eusi dina hiji karya sastra. Patalina jeung éta hal, muncul hiji konsep ngeunaan masalah ekologi dina karya sastra pikeun para kritikus sastra nu disebut ékokritik. Istilah ekokritik (*ecocritism*) dipaké pikeun konsép kritik sastra nu patalina jeung lingkungan. Éta istilah asalna tina basa Inggris (*ecology* jeung *critism*). Ékologi bisa dihartikeun minangka kajian ilmiah ngeunaan pola-

pola hubungan tutuwuhan, sato, katut manusa jeung nu séjénnna ngeunaan lingkunganna (Harsono,2008, kc 31).

Nilik kana wandana, karya sastra kabagi jadi tilu wangun nya éta prosa, puisi, jeung drama. Novel mangrupa salahsiji karya sastra nu kaasup kana wangun prosa. Novel munggaran nu medal di tatar Sunda nya éta Novel *Baruang ka nu Ngarora* karya D.K Ardiwinata terbitan Balai Pustaka. Diadegkeunna sawatara penerbit ku pamaréntah Walanda mangaruhun kana kamekaran novel di tatar Sunda. Balai Pustaka miboga peran nu kacida pentingna lantaran sok rutin nyitak jeung medalkeun novel-novel Sunda.

Sabada Indonesia merdéka, novel Sunda téh beuki ngeuyeuban. Kamekaran sastra Sunda nepi ka kiwari kapangaruhun ku téknologi informasi. Ayana internet ngalarantarankeun nulis jeung ngirim naskah karangan jadi gampil, nepi ka jumlah nu ngarang buku basa Sunda téh beuki loba (Ruhaliah, 2017, kc.103). Jaman kiwari, genre-genre novel rupa-rupa, aya nu ngeunaan sosial, rumah tangga, detéktif, sajarah, psikologis, dunya siluman. Lian ti orisinalitas murni ide pangarang, aya ogé nu disadur tina karya sastra séjén. Sedengkeun dumasar segmen pamacana, novel kabagi jadi tilu nya éta, barudak, rumaja, jeung dewasa.

Novel barudak kaasup kana wanda sastra anak. Nurutkeun Puji Santosa sastra anak nyaéta karya seni imajinatif nu didominasi ku unsur-unsur estetika ngaliwatan mediasi basa lisan jeung tulisan, sacara husus bisa dipaham ku barudak sarta konten-kontenna *akrab* jeung dunya barudak. Lian ti éta, sastra anak ngandung pesen sarta moral nu éngkéna bakal jadi pedoman barudak pikeun paripolah kahirupan sapopoéna (Suherman & Santosa, 2018, kc. 347). Sedengkeun Novel Barudak nyaéta novel nu sacara husus bisa dipaham ku umuran barudak, tur eusina dalit jeung kahirupan barudak. Aya sababaraha novel barudak di tatar Sunda, di antarana novel *Guha Karang Legok Pari* (1993) karya Hidayat Soesanto jeung *Paul di Batukaras di Pananjung* (1993) karya Aan Merdéka Permana nu nyaritakeun ngeunaan kahirupan barudak di basisir, novel *Si Ochang* (2007) karya Tatang Sumarsono jeung *Kabandang ku Kuda Lumping* (2002) karya Ahmad Bakri

Ilham Akbar Ghifari, 2020

**NOVEL NU NGAGEUGEUH LEGOK KIARA KARYA DADAN SUTISNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN
MACA NOVEL DI KELAS IX SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉKOKRITIK)**
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngeunaan kahirupan barudak di kampung, aya ogé novel *Si Paser* (1992) karya Tatang Sumarsono nu latar caritana di leuweung.

Dumasar sababaraha novel di luhur, beuki negeskeun yén ékologis geus jadi bagian tina karya sastra. Ékologi mangrupa élmu nu ngulik ngeunaan hubungan antara mahluk hirup jeung lingkunganna. Nurutkeun Éndraswara (2016, kc. 5) ekologi sastra nyaéta élmu ékstrinsik sastra nu maluruh ngeunaan masalah patalina sastra jeung lingkungan hirup. Dina patalina jeung karya sastra, istilah ekologi dibagi jadi dua rupa wangenan. Kahiji, ekologi dipaké wangenan pikeun ngawatesanan dina konteks ekologi alam. Kajian ekologi dina wangenan nu kahiji dibagi deui jadi dua rupa, nya éta kajian ekologi nu leuwih nandeskeun kana aspek alam minangka inspirasi pikeun nyieun hiji karya sastra jeung kajian ekologi nu nandeskeun *advokasi* pikeun karusakan lingkungan lantaran paripolah manusa. Kadua, ekologi dipaké pikeun wangenan ekologi budaya nu ditangtukan ku pola hirup jeung karakteristik daerah (Éndraswara, 2016, kc. 13).

Kajian sastra bisa ngalarapkeun model pamarekan satra tina jihat ékologi. Nurutkeun Kaswandi (2010, kc. 37) pikeun nganalisis karya sastra ngaliwatan ekologi aya tilu pamarekan. Kahiji, pamarekan *deskriptif* dipaké pikeun ngadeskripsiun unsur-unsur ekologis dina karya sastra. Kadua, pamarekan *fungsional* dipaké pikeun nganalisis unsur-unsur ekologi nu aya dina karya sastra. Katilu, pamarekan *evolusi* dipaké pikeun nganalisis sabab-sabab unsur ekologi aya dina karya sastra. Pamarekan ékologi kana sastra bakal nembongkeun unsur-unsur ekologi dina karya sastra, proses unsur-unsur ekologi interaksi antara karya astra, jeung sabab-sabab unsur ekologi aya dina karya sastra (Kaswandi, 2015, kc. 35-36). Ku kituna, pamarekan ekologi dina karya sastra téh teu saukur pikeun maham kana karya sastra, tapi ogé pikeun maham kana posisi hiji karya sastra nu aya patalina jeung karya-karya sastra séjénna.

Novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* mangrupa salah sahiji novel nu kungsi diléléh hadiah Samsoedi dina taun 2002 (Ruhaliah, 2017, kc. 125). Ieu novel eusina ngagambarkeun hubungan antara manusa jeung lingkungan hirup sabudeureunna,

Ilham Akbar Ghifari, 2020

NOVEL NU NGAGEUGEUH LEGOK KIARA KARYA DADAN SUTISNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI KELAS IX SMP (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG ÉKOKRITIK)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

hususna manusa nu bisa ngajaga alamna. Ku sabab kitu éta novel dijadikeun sarana pikeun bacaean barudak lantaran eusina téh ngadeskripsiun kumaha carana miara alam sabudeureun urang. Dina jaman ayeuna loba pisan musibah alatan paripolah manusana sorangan nu teu bisa miara alam.

Anapon tujuan ieu panalungtikan téh pikeun dijadikeun bahan ajar di sakola. Ngaliwatan atikan, nu diajar minangka anggota masyarakat dihudang deui rasa kasadaran katut kapekaanna kana pasualan lingkungan hirup (Isnédés, 2015, kc.4). Patali jeung éta hal, novel bisa dijadikeun bahan alternatif pikeun nepikeun fungsi sastra téa nya éta atikan (didaktif). Ditilik tina kurikulum aya dina Kompetensi Dasar 3.4 *mengidentifikasi unsur intrinsik dalam ringkasan novel dengan memperhatikan fungsional, struktur teks, dan unsur kebahasaan yang benar sesuai dengan konteks*. Ku kituna, novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novel di kelas IX. Dipiharep siswa wanoh kana novel Sunda sarta bisa nyangkem ajén kahirupan ngeunaaan pentingna miara alam sabudeureun urang.

Panalungtikan séjéenna sawanda jeung ieu di antarana dilakukeun Ande Wina Widianti (2017) nu medar ngeunaan ekologi sastra dina kumpulan cerpen pilihan kompas 2014 *Di Tubuh Tarra Dalam Rahim Pohon*. Hasil tina éta panalungtikan nétélakeun yén ekologi dina hiji karya sastra téh dibagi dua, nya éta ekologi alam nu medar ngeunaan hubungan antara sastra jeung lingkungan, jeung ekologi budaya nu medar ngeunaan hubungan satra jeung adat-istiadat nu aya. Lian ti éta, aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun Ira Rahayu jeung Dian Permana Putri (2015) ngeunaan ekokritik dina novel *Sebuah Wilayah yang Tidak Ada di Google Earth* karya Pandu Hamzah. Dina éta panalungtikan ditétélakeun yén ngaliwatan perspektif ekokritik urang bisa apal konsep ngeunaan kumaha carana miara alam, mikapaham ngeunaan pentingna ngajaga kaharmonisan antara manusa, sato, jeung alam. Alam teu meunang dianggap atawa *dipandang* sacara pragmatis minangka objek panglengkep, tapi kudu *dianggap* minangka sarua objek kahirupan.

Ekologi sastra salasahiji conto kritik sastra nu bisa dijadikeun objek kajian panalungtikan. Aya Panalungtikan ngeunaan ékologi sastra meunang M. Andri Yuriansyah kalayan judul *Novel Numbuk di Sué karya Moh Ambri pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural jeung Ékologi Sastra)*. Nu kadua, skripsina Herman Setiawan kalayan judul *Kumpulan Carita Pondok Sapeuting di Cipawening Karya Usep Romli H.M Pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Apresiasi Maca Carpon di kelas X SMA (Ulikan Struktural jeung Ékokritik)* dina taun 2017. Aya ogé panalungtikan séjén ti Sri Rahayu nu medar ngeunaan ékoféminis minangka cabang tina ékokritik, kalayan judul *Kajian Ékoféminis Kana Tokoh Nyi Puhaci dina Wawacan Sulanjana* dina taun 2006.

Bedana ieu panalungtikan nyaéta dina sumber, objék panalungtikanna, sarta larapna pikeun bahan pangajaran di kelas IX SMP. Nu saacanna mamah lolobana larapna pikeun bahan pangajaran di kelas X jeung XI SMA.

Patali jeung éta hal perlu ayana panalungtikan ngeunaan ékokritik pikeun ngajembaran kajian karya sastra Sunda. Ieu panalungtikan baris maluruh struktur pangwangun nu aya dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* ti mimiti téma, fakta carita, jeung sarana sastra, sarta kumaha aspék ékologi sastra nu aya dina ieu novel. Judul ieu panalungtikan nyaéta *Novel Nu Ngageugeuh Legok Kiara Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran maca Novel di Kelas IX SMP (Ulikan Struktural jeung Ékokritik)*.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Ieu panalungtikan medar ngeunaan Novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* ngagunakeun pamarekan strukturalisme Robért Stanton, anu satuluyna dipedar kumaha hubungan timbal balik antara karya sastra jeung lingkungan nu diébréhkeun ku pangarang.

Idéntifikasi masalah dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Novel mangrupa karya sastra nu diwangun ku sababaraha unsur, di antarana téma, judul, latar, alur, tokoh, gaya basa, amanat, jeung puseur implengan;

- 2) Strukturalisme mangrupa pamarekan pikeun medar karya sastra dumasar unsur-unsur pangwangan;
- 3) Hubungan antara manusia jeung lingkungan alam kurang harmonis;
- 4) Ékokritik mangrupa élmu interdisiplinér antara écologi jeung sastra nu medar ngeunaan tumerapna unsur lingkungan kana karya sastra.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana idéntifikasi masalah, aya sababaraha rumusan masalah:

- 1) Kumaha struktur carita (téma, fakta carita, sarana sastra) novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna?
- 2) Unsur-unsur écologi naon waé nu nyampak dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di kelas IX SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua tujuan, umum jeung husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaguar aspek écologi anu nyampak dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* sarta ngarojong kamekaran élmu pangaweruh, hususna dina widang sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsiéun:

- 1) Unsur strukturalisme anu kapanggih dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara*;
- 2) Unsur-unsur écologi nu nyampak dina novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara*;
- 3) Larapna hasil panalungtikan pikeun ngeuyeuban bahan pangajaran maca novel di kelas IX SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Teoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun kamekaran élmu sastra, utamana bisa ngajembaran widang sastra nu ulikanna ngeunaan ékologi sastra nu ayeuna masih kénéh kawilang anyar.

1.4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik dipiharep bisa mikaweruh ngeunaan tiori ékologi sastra hususna ékokritik dina karya sastra Sunda.
- 2) Pikeun murid dipiharep bisa maham kana téks sastra nu ngandung ajén lingkungan. Lian ti éta, dipiharep siswa bisa nyangkem amanat tina téks sastra.
- 3) Pikeun guru dipiharep bisa ngeuyeuban bahan pangajaran nu ngandung ajén lingkungan.
- 4) Pikeun mahasiswa dipiharep bisa nambahana wawasan jeung pangaweruh hususna ngeunaan tiori ékologi sastra hususna ékokritik dina karya sastra Sunda.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab sakumaha nu dipedar di handap.

Bab I eusina ngeunaan bubuka, nu medar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II eusina ngeunaan ulikan tiori nu ngawengku novel, strukturalisme, ekologi sastra, jeung pangajaran sastra.

Bab III eusina ngeunaan métodé panalungtikan, medar sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV eusina ngeunaan data jeung pedaran hasil panalungtikan, hasil ngolah jeung nganalisis data nu aya patalina jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan sarta tiori nu aya di bab II.

Bab V eusina ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi. Dina ieu bab, panalungtik nepikeun kacindekan tina hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun kamajuan panalungtikan ka hareupna.